

ENSTWIKSYON POU RANPLI FÒM RB-89

POU APLIKAN AN: Ou dwe ranpli yon *Aplikasyon pou jwenn Revizyon Komisyon* an (Fòm RB-89), oswa annapre "aplikasyon an" nan 30 jou almannak apre dat depo desizyon jij Lwa Konpansasyon Travayè (*Worker's Compensation Law, WCLJ*). Nou konsidere ou depoze *Fòm RB-89* avèk Komisyon an nan dat Komisyon an resevwa yon aplikasyon konsa. Annakò avèk 12 NYCRR 300.13(b)(3) ak deziyasyon Prezidan an, ou ka depoze *Fòm RB-89* sèlman nan adrès imèl santralize a pou reklamasyon (wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov), oswa nan lyen. WCB Web Upload. (<https://wcbdoc.services.conduent.com/>). yon lòt fason, travayè ki fè reklamasyon san reprezantasyon ka voye *Fòm RB-89* pa-lapòs nan adrès postal santralize Komisyon an (PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205). Ou dwe depoze *fòm RB-89* yo nan demann konpansasyon travayè akòz diskriminasyon avèk Komisyon an depi ou voye *Fòm RB-89* la pa-lapòs ba Inite Diskriminasyon Komisyon an, PO Box 9029, Endicott, NY 137761-9029. Lè ou ranpli fòm RB-89 nan demann avantaj pou andikap (demann salè ou pa touche akòz chòk oswa maladi ki pa asosye avèk travay) ou dwe depoze fòm nan avèk Komisyon an depi ou voye aplikasyon an pa-lapòs nan Biwo Avantaj pou Andikap, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. Ou dwe voye yon kopi aplikasyon sa a ba tout moun nesèsè konsène ki gen enterè annakò avèk 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv). *Fòm RB-89*, sof si se yon ki fè reklamasyon san reprezantasyon, dwe nan fòm Prezidan an rekòmande, ou dwe ranpli tout seksyon aplikasyon an, epitou nenpòt dosye jiridik ki tache dwe konfòm avèk 12 NYCRR 300.13(b)(1)(i). Si ou pa bay tout enfòmasyon ki obligatwa dapre 12 NYCRR 300.13 ak enstwiksyon sa yo sa ka lakòz ou jwenn refi pou aplikasyon an.

NÒT: Nou p ap aksepte *Aplikasyon pou Revizyon Komisyon* an si ou pote aplikasyon an alamen nan yon biwo Komisyon an. N ap detèmine fòm RB-89 ou voye pa-lapòs oswa ou prezante dirèkteman nan Divizyon Revizyon Komisyon an kòm fòm ou pa t depoze avèk Komisyon an epi nou p ap konsidere fòm sa yo.

POU TOUT LÒT MOUN KI KONSÈNE YO: Ou dwe voye nenpòt *Refi Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an (Fòm RB-89.1)* ba Komisyon an nan 30 jou almannak apre dat ou te bay aplikasyon an pou moun ki konsène yo, jan sa endike nan seksyon Prèy Notifikasyon fòm RB-89 annakò avèk 12 NYCRR 300.13(c).

- 1. Nimewo (yo) Dosye WCB.** Antre Nimewo(yo) Dosye WCB reklamasyon w ap konteste (yo). Nimewo (yo) Dosye WCB gen ladan nimewo dosye konpansasyon travayè, diskriminasyon, avantaj pou andikap, diskriminasyon ki fasilite konje peye pou rezon famiyal, avantaj anbilans pou ponpye volontè ak travayè volontè.
- 2. Nimewo Dosye.** Antre Nimewo(yo) Dosye Konpayi reklamasyon w ap konteste (yo). Seksyon/pati sa a pa aplike pou reklamasyon poutèt diskriminasyon.
- 3. Kòd Konpayi a.** Antre Kòd Konpayi konsènan konpayi ou gen reklamasyon w ap konteste a. Seksyon/pati sa a pa aplike pou reklamasyon poutèt diskriminasyon.
- 4. Non Konpayi a.** Antre non konpayi ou gen reklamasyon w ap konteste a. Seksyon/pati sa a pa aplike pou reklamasyon poutèt diskriminasyon.
- 5. Dat Chòk la/Konje a.** Antre dat orijinal ou te pran chòk la oswa dat konje peye pou rezon famiyal la te kòmanse (si ou pat pran konje peye pou rezon famiyal, antre Dat Plent pou Diskriminasyon an).
- 6. Non Moun ki Fè Reklamasyon an.** Antre prenon ak non fanmi anplwaye a.
- 7. Adrès Moun ki fè Reklamasyon an.** Antre nimewo kay nan ri, vil, eta ak Kòd Postal anplwaye a, ak adrès postal si adrès anplwaye a diferan.
- 8. Moun Konsène ki Mande Kontestasyon an.** Endike kimoun konsène ki ranpli Aplikasyon sa a pou *Revizyon Komisyon an*.
- 9. Kalite Aplikasyon an.** Endike si aplikasyon an mande swa 1) revizyon yon desizyon WCLJ, oswa 2) nouvo odyans oswa re-ouvèti.
- 10. Dat Desizyon an.** Antre dat desizyon w ap konteste a.
- 11. Endike Pwoblèm (yo) pou Revizyon an.** Endike pwoblèm patikilye yo pou revizyon an.
- 12. Baz Kontestasyon an.** Bay yon deklarasyon kout sou rezon patikilye kontestasyon an baze a, tankou sèten konklizyon ou konteste yo ak/oswa erè lalwa ou sipoze. Nan yon sèten fason, akizasyon jeneral ki pa atire atansyon Komisyon an, pwoblèm pou nou deside sou yo a pa ase. Jan 12 NYCRR 300.13(b)(i) egzije sa, yon kontestatè ka tache yon dosye ki gen apeprè huit (8) paj nan longè, avèk gwozè lèt 12 pwen, avèk maj yon pous, sou papyè ki mezire 8.5 pous pa 11 pous. Nou p ap konsidere yon dosye jiridik ki gen plis pase huit (8) paj, sof si kontestatè a bay presizyon alekri, pou kisa li pa t kapab fè baz kontestasyon an nan limit huit (8) paj. Nou p ap konsidere yon dosye jiridik ki gen plis pase kenz (15) paj nan okenn sikonstans.

13. **Dat Odyans yo, Transkripsyon yo, Dokiman yo, Dokiman Siplemanntè yo ak Lòt Prèv.** Endike dat (yo) odyans ou te endike pwoblèm (yo) devan WCLJ, ansanm avèk nenpòt lòt dat odyans enpòtan. Idantifye dapre dat ak/oswa nimewo ID dokiman, transkripsyon yo, rapò yo, dokiman siplemanntè yo, ak lòt prèv nan dosye Komisyon an ki enpòtan pou pwoblèm ak rezon w ap prezante yo pou revizyon an. Si transkripsyon kontrandi yo pa fèt, poutèt sa endike. Pa mete li oswa pa tache li avèk yon Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an okenn dokiman ki prezan nan dosye Komisyon an. Komisyon an ka rejte yon *Aplikasyon pou Revizyon Komisyon* an yon kontestatè oswa reprezantan legal kontestatè si yo tache dokiman ki nan dosye Komisyon an deja nan moman aplikasyon an, annakò avèk 12 NYCRR 300.13 (b)(1)(ii). Pa tache oswa pa prezante transkripsyon anrejistreman odyo odyans yo, paske Komisyon an p ap konsidere yo.

14. **Prèv ki Nouvo ak Siplemanntè.** Si yon kontestatè ap chèche entwodui nouvo prèv oswa prèv siplemanntè avèk Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an ou p a t prezante devan WCLJ, kontestatè a dwe, 1) deklare sou aplikasyon an si prèv la tache nan aplikasyon an, pou endike nimewo ID dokiman ki anvigè a, epi 2) prezante yon konfimasyon ki endike prèv la, epi ki eksplike pou kisa li pa t prezante prèv la devan WCLJ. Komisyon an ka oswa ka pa egzèse desizyon li pou aksepte prèv konsa. Si ou pa prezante konfimasyon an avèk aplikasyon an, Manm yo ki nan Komisyon an p ap konsidere nouvo prèv la oswa prèv siplemanntè a.

15. **Objeksyon oswa Eksepsyon.** Endike objeksyon oswa eksepsyon ki te entèvni kont desizyon an, ak dat lè objeksyon an oswa eksepsyon an te entèvni an jan sa obligatwa dapre 12 NYCRR 300. 13(b)(2)(ii). Si ou te entèvni avèk objeksyon an oswa eksepsyon an nan yon odyans, dou dwe deklare dat odyans lan lè ou te entèvni avèk objeksyon an oswa eksepsyon an. Si ou te entèvni avèk objeksyon. oswa eksepsyon an nan yon pwosedi ki te fèt san kalandriye, ou dwe deklare dat pwosedi a [12 NYCRR 300. 13(B)(4)(v)(a), (b), ak (c)].

16. **Peman Dedomajman.** Lè konpayi a oswa yon patwon ki gen asirans pa li depoze *Fòm RB-89*, endike si yo peye ou avantaj pou dedomajman an pandan aplikasyon an annatant. Si ou di non, endike dat yo te sispann peman yo dapre WCL § 23. Si ou di wi, endike pousantaj yo kontinye ap peye ou dedomajman an. Si yo kontinye ap peye ou dedomajman an nan yon pousantaj ki pi piti pase pousantaj nou akòde a, endike dat lè yo te redui nan peman yo. Si peman yo kanpe, endike pwoblèm sou kontestasyon ki fòmè baz Legal pou peman ki kanpe yo. Pati/seksyon sa a pa aplike pou reklamasyon pou diskriminasyon.

17. **Sètifika.** Moun ki ranpli fòm nan dwe siyen ak date fòm nan (pou li bay tou non, tit, nimewo telefòn ak adrès li) pou sètifye aplikasyon an fèt avèk dwa ak eleman an bòn-fwa, li te entwodui aplikasyon an avèk motif rezonab, epitou li te notifye moun konsène nesèsè yo ki gen enterè yo nan seksyon Prèv Notifikasyon an.

18. **Prèv Notifikasyon.** Ou dwe notifye aplikasyon an ba tout moun konsène ki gen enterè annakò avèk 12 NYCRR 300. 13 (b)(2)(iv). Si ou pa notifye kòrèkteman yon moun konsène nou dwe konsidere ou pa bay notifikasyon an epi Komisyon an ka rejte aplikasyon an. Lè se konpayi a, patwon ki gen asirans pa li, oswa lòt peyè oswa fiti peyè ki depoze Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an, yo dwe bay notifikasyon pou kontestatè a, reprezantan legal kontestatè a, ak lòt moun enterese ki gen enterè. Nou detèmine notifikasyon an fèt nan moman apwopriye si se kontestatè a ki bay li nan trant (30) jou apre depo desizyon Komisyon an. Ou dwe fè konfimasyon an epi li dwe gen ladan metòd, ak dat ou te depoze aplikasyon an avèk Komisyon an. Kontestatè a dwe itilize yon sèl metòd pou depoze aplikasyon an avèk Komisyon an. Si kontestatè a depoze aplikasyon ki double, nou ka detèmine depo double yo ap prezante oswa kontinye reprezante yon pwoblèm san motif rezonab, epi sa ka mete kontestatè a nan kèk evalyasyon dapre WCL § 114-a(3). Konfimasyon ou fè a dwe endike papye ou notifye yo, non moun konsène ki gen enterè ou notifye yo, dat ak metòd notifikasyon an pou chak moun konsène ki gen enterè, ak notifikasyon ou te bay la nan trant (30) jou apati depo desizyon an ki depannde aplikasyon an. Li pa akseptab pou ranpli pòsyon konfimasyon kote li endike moun ou notifye yo ak metòd la "Wè dokiman ki tache a." Si ou notifye yon moun konsène nan imèl oswa nan lòt mwayen elektwonik, konfimasyon an dwe gen ladan yon sètifika ki endike moun ou notifye konsa a te bay pèmision fòmèl pou resevwa notifikasyon an nan mwayen konsa. Gade 12 NYCRR 300 (13)(b)(2)(iv)(C)]. Ou pa gen obligasyon pou notifye aplikasyon an ba chak moun konsène nan menm manyè a. Ou dwe date ak siyen konfimasyon an anba menas sanksyon pou fo temwayaj.



1. Nimewo (yo) Dosye WCB	2. Nimewo (yo) Dosye Konpayi	3. Kòd Konpayi	4. Non Konpayi	5. Dat Chòk la/ Konje a
6. Non Moun ki Fè Reklamasyon an		7. Adrès Moun ki Fè Reklamasyon an		
8. Aplikasyon sa a fèt sou non:				
9. Kalite aplikasyon an (chwazi yon SÈL): Revizyon Nouvo Odyans oswa Re-Ouvèti anrapò avèk desizyon WCLJ				
10. Dat desizyon an (mwa/jou/ane):				
11. Endike pwoblèm (yo) pou revizyon:				
12. Baz kontestasyon an. Aplikasyon sa a pou revizyon an baze sou motif anba yo (si ou tache yon dosye jiridik ki gen plis pase 8 paj, gade enstwiksyon yo pou jwenn detay):				
13. Dat odyans yo, transkripsyon yo, dokiman yo, dokiman siplemantè yo, ak lòt prèv (gade enstwiksyon yo pou jwenn detay):				
14. Nouvo prèv ak prèv siplemantè dapre 12 NYCRR 300. 13(b)(1)(iii) (gade enstwiksyon yo pou jwenn detay):				
15. Objeksyon oswa eksepsyon. Endike objeksyon ak eksepsyon ki te entèvni nan desizyon an AK dat la lè li te entèvni jan sa obligatwa dapre 12 NYCRR 300. 13(b)(2)(ii):				
16. Èske ou resevwa peman dedomajman yo pandan aplikasyon an annatant? Wi Non				
Si ou di Non, endike dat sispansyon an (mwa/jou/ane):		Si ou di Wi, nan ki pousantaj?		Si peman yo redui, bay dat
rediksyon an (mwa/jou/ane):				
Endike pwoblèm sou kontestasyon ki se baz legal pou sispann peman yo:				



17. Sètifika: Si mwen siyen dokiman sa a nan espas yo bay anba a, mwen sètifye aplikasyon sa a gen yon baz nan dwa ak eleman an bòn-fwa, mwen te ranpli li avèk motif rezonab, epi mwen te notifie tout moun konsène nesèsè ki gen enterè avèk metòd notifikasyon, tankou vrè adrès kote men te transmèt notifikasyon an ki endike nan konfimasyon an notifikasyon ki anba a. Mwen rekonèt Lwa konsènan Konpansasyon Travayè prevwa gwo sanksyon poutèt mwen fè oswa kontinye pwosedi san motif rezonab ak/oswa pou objektif pou mwen bay reta. Mwen rekonèt si yo anile aplikasyon sa a pou nenpòt rezon oswa si moun konsène yo pa rezoud okenn nan pwoblèm yo, mwen dwe bay notifikasyon alekri imedyatman pou Komisyon an ak moun konsène nesèsè ki gen enterè.

Siyati Moun ki: _____ Dat Preparasyon an. (mwa/jou/ane): _____

Ranpli Fòm: _____ Tit: _____ Nimewo Telefòn: _____

Adrès: _____

PRÈV NOTIFIKASYON

KONFIMASYON

Nan fòm sa a mwen konfime anba menas pou fo temwayaj mwen te konfòme mwen avèk kondisyon pou depoze fòm nan ak notifikasyon jan sa endike nan 12 NYCRR 300. 13(B)(2)(iv) ak (3) pou sa Aplikasyon pou Revizyon Komisyon nan mannyè ki endike anba a epi mwen rekonèt mwen ka depoze dokiman sa a nan yon aksyon oswa pwosedi nan yon tribinal.

A. Mwen te depoze Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an avèk Komisyon an nan (**dat - mwa/jou/ane**) _____ Moun ki voye li (**chwazi yon metòd**):

Voye Fòm nan pa-lapòs nan adrès PO Box 5205, Binghamton, NY 13902 (pou moun ki fè reklamasyon san reprezantasyon sèlman)

Imèl li nan wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov

Lyen WCB Web Upload (<https://wcbdoc.services.conduent.com>)

Reklamasyon Konpansasyon Travayè poutèt Diskriminasyon: Voye li pa-lapòs ba Inite Diskriminasyon nan adrès PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

Avantaj pou Andikap: Voye fòm nan ba Biwo Avantaj nan adrès PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

B. Mwen te notifie *Aplikasyon pou Revizyon* Komisyon an nan (**dat - mwa/jou/ane**) _____ sou (tache fèy siplemanntè yo si li nesèsè):

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Non: _____ nan (metòd): _____ nan (adrès): _____

Mwen sètifye nenpòt moun konsène mwen te notifie nan imèl oswa nan lòt mwayen elektwonik te bay pèmision fòmèl pou resevwa notifikasyon an nan mwayen konsa.

Mwen sètifye notifikasyon *Aplikasyon sa a pou Revizyon Komisyon* an, jan sa endike anwo a, te fèt nan trant jou apati depo desizyon ki depannde aplikasyon sa a.

Dat (mwa/jou/ane): _____ Siyati: _____

Ekri Non ou an Lèt Detache: _____